

12 septanm

Chè elèv, fanmi ak estaf,

Kòm pitit fi imigran, mwen abitye ak difikilte ki genyen pou adapte nan yon nouvo peyi. Kòm yon ansyen pwofesè ak direktis, mwen konnen yonn nan kondisyon fondamantal pou siksè nan lekòl nou yo se pou tout moun – elèv, fanmi ak estaf – santi yo ansekirite, byenveni ak respekte.

Anons Mezon Blanch (White House) konsènan plan Prezidan Trump lan Mezi pou kanpe sou depòtasyon timoun ki antre nan peyi a san papyè (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA), se yon bagay ki regretan anpil pou anpil moun nan vil nou an. Se yon defi pou vizyon jistis, egalite ak respè yonn pou lòt nou an.

Mwen vle klè ke lekòl Vil Nouyòk yo ap rete kòm anviwònman ki gen sekirite epi ki akeyi tout moun, kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo. N ap fè tout sa nou kapab pou nou pwoteje chak timoun ki sou responsablite nou, chak fanmi ki nan mitan nou ak chak manm estaf ki nan ekip nou.

Si w se yon Revè “Dreamer”, gen èd ki disponib. Si w gen DACA oswa si w konnen yon *Dreamer* ki bezwen èd, Vil la gen resous kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon an, tankou aksè pou sèvis imigrasyon legal konfidansyèl gratis. Ale sou nyc.gov/DACA pou jwenn plis enfòmasyon ak yon fèy enfòmasyon sou DACA ki disponib nan Kreyòl Ayisyen.

Lè m te konn anseye syans sosyal, mwen te anseye li pou asire m elèv yo te ka diskite sou vrè diferans, avèk respè yonn pou lòt kòm nwayo a, epi se yon bagay mwen ankouraje lekòl yo fè tou kòm Chanselye. Pou kreye anviwònman aprantisaj ki gen sekirite, chak timoun dwe santi yo gen respè epi yo konte. Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE) toujou rete angaje ak tout fanmi nou yo kèlkeswa chanjman ki ta rive nan peyi a.

Sa gen ladan angajman nan pwoteje dwa elèv ak estaf nou yo. Ajan federal, tankou ajan imigrasyon (Immigration and Customs Enforcement, ICE), pa p gen otorizasyon pou antre nan lekòl nou yo sofsi lalwa egzije sa tout bon vre. DOE pa kontwole sitiyaasyon imigrasyon estaf ak elèv epi nou pa p bay okenn enfòmasyon sofsi lalwa egzije sa tout bon vre. Lè nou pwoteje elèv nou yo ak estaf nou an, nou ka konsantre sou travay enpòtan sa a ki se anseye ak aprann. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sipò ki disponib pou fanmi ak edikatè, ale sou <http://schools.nyc.gov/SupportingAllStudents>.

Mwen ankouraje w pale avèk fanmi w sou kòman nou pran angajman pou respè, tolerans ak akseptasyon. Nou dwe fè yon sèl, kòm yon sèl Vil Nouyòk.

Avèk senserite,



Carmen Fariña
Chanselye